

EKONOMIZE LAJAN!

SOU SÈVIS TELEFÒN POU KAY OU

“**Link-Up Florida**” bay yon diskont **50%** sou frè enstalasyon pou sèvis telefòn. Pi plis kòb li retire se **\$30.00**.

Pwogram “**Lifeline Assistance**” lan bay yon rabè jiska **\$13.50** chak mwa sou bòdwo telefòn kay kliyan ki kalifye.

Sa rann sèvis telefòn vin abòdab pou konsomatè ki pap fè anpil lajan nan Eta kote n abite a.

Ou ka kalifye pou w ekonomize si ou resevwa èd nan youn nan pwogram sa yo:

- ◆ Èd lajan tanporè (TCA)
- ◆ Lajan sosyal siplemantè (SSI) ◆ Mediked
- ◆ Pwogram pou ede fanmi ki pa fè anpil lajan peye kouran ak chofaj pou kay yo (LIHEAP)
- ◆ Èd Gouvènman federal pou ede moun peye lwaye kay yo (Seksyon 8) ◆ Foudstèp
- ◆ Pwogram manje gratis nan pwogram nasyonal pou peye manje lekòl (NSL) ◆ Pwogram Biwo Dafè Endyen yo
- ◆ TANF pou Tribi Endyen yo ◆ Sibvansyon “Head Start” ◆ Pwogram manje gratis nan pwogram nasyonal pou peye manje lekòl (NSL)

Si w a 135% oswa ou pi ba pase nivo povrete a men ou pap resevwa èd aktyèlman nan youn nan pwogram ki make nan lis pi wo a, ou ka byen kalifye si w kontakte Biwo Konsèy Piblik la (Office of Public Counsel) nan Talaasi nan 1-800-540-7039.

Gen konpayi telefòn pòtab ki bay sèvis lokal a yon pri konpetitif (CLEC) ki ofri pwogram “Lifeline Assistance” lan ak “Link-Up Florida” a.

LINK-UP
FLORIDA



LIFELINE
ASSISTANCE

P W O G R A M

Si w bezwen konnen si w kalifye, oubyen ou ta renmen enskri pou youn nan pwogram sa yo, tanpri tcheke premye seksyon nan anyè telefòn ou an epi **RELE KONPAYI TELEFÒN KI BA W SÈVIS TELEFÒN NAN** oswa rele Depatman Sèvis Piblik Eta Florid la nan

1-800-342-3552

www.floridapsc.com